

# Elèv kap aprann lang Anglè nan Lekòl Charter yo: Avi sou Dwa Aksè ak Egalite nan Sèvis Edikasyon

**Chè Paran:** Dokiman sa a eksplike dwa timoun yo kap aprann lang angle pou enskri nan epi resevwa sipò lang ak lòt sèvis nan lekòl charter piblik Massachusetts yo. Jan li defini nan lwa eta, yon moun kap aprann lang angle se yon elèv ki pa pale Angle, oswa ke lang matènèl li pa Angle, e ki pa anmezi pou fè travay nan salklas òdinè an Angle. Sa a gen ladan elèv yo ki, san sèvis sipò lang ta gen pwoblèm pou konprann leson yo nan lekòl la, oswa fè devwa nan lekòl la paske yo toujou ap aprann lang angle. Nan dokiman sa a, yo pral konsidere yon moun kap aprann lang angle tankou yon “ELL.” Lekòl Charter yo dwe aksepte epi enskri yon ELL ki kalifye atravè lotri a ki swete vini nan lekòl la. Lekòl la dwe bay yon ansèyman dirèk pou ede ELL yo aprann lang angle, ak matyè enstriksyon an (pa egzanp, syans oswa istwa) ki prezante nan angle itilize strateji kap ede elèv la pi byen konprann kontni an. Aksè konplè ak egal nan pwogram ak sèvis yo ofri nan lekòl la dwe disponib pou ELL yo. Sa a se yon rezime sou dwa pitit ou pou patisipe epi resevwa sipò lang ak lòt sèvis nan lekòl charter li.

## ◆ Èske elèv mwen an ki se yon ELL kapab ale nan yon lekòl charter?

**Wi.** Lekòl Charter yo ouvè pou tout elèv ki nan zòn sèvis lekòl la, sou yon baz plas disponib. Si kantite elèv ki aplike yo depase kantite plas ki disponib yo, yo pral òganize yon lotri pou chwazi kimoun ki pral rantre lekòl la nan yon fason ki ekitatif. Tout elèv ki ta vle enskri nan yon lekòl charter gen yon chans egal pou l antre epi gen yon dwa egal pou l enskri.

Gade nan: M.G.L. c. 71 §89 (l) deklare ke lekòl charter yo ouvè pou tout elèv, sou yon baz plas disponib, e li pap fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans, sèks, etnisite, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, *andikap mantal oswa fizik*, laj, zansèt, pèfòmans spòtif, *bezwen spesyal*, oswa konpetans nan lang angle oswa yon lang etranje, ak reyisit akamedik. (*ajoute anfas*)

## ◆ E si mwen pa vle sèvis sipò lang pou elèv mwen an?

Si w rejete sèvis sipò lang pou elèv ou a, lekòl la ap toujou asire ke elèv ou a gen “bon jan aksè” a pwogram lan e li ka patisipe de fason efikas nan travay salklas la. Yo ta dwe mete elèv ou a nan yon salklas pwofesè ki gen yon andòman pou pwoteksyon imèsyon lang Angle oswa yon lisans pou lang angle kòm dezyèm lang, sa vle di pwofesè a te gen fòmasyon sou bezwen lang ELL yo. Lekòl charter yo gen responsabilite kontinyèl pou kontwòle pwogrè elèv ou a antanke yon ELL. Si li parèt ke li pa kapab patisipe efikasman ak aktivman nan salklas li, lekòl la dwe rekonsidere enstriksyon lap bay la.

Lè yo fin idantifye yon elèv kòm yon moun kap aprann angle, lekòl charter a pral bay paran oswa gadyen an règleman ELL li yo ansanm avèk tout fòm ki nesèsè yo nan yon lang ke yo kapab konprann.

## ◆ Elèv mwen an pral bezwen èd pou l aprann angle. Ki sèvis sipò lang ki pral disponib nan yon lekòl charter?

Elèv ki nan lekòl charter yo dwe gen aksè a menm sèvis yo ke yo ta resevwa si yo te nan nenpòt lòt lekòl piblik Massachusetts. Si yo admèt pitit ou nan yon lekòl charter, ou dwe atann ke lekòl la pral fè yon sondaj lang nan kay epi teste elèv ou a pou detèmine si li bezwen sèvis sipò lang. Si sèvis sipò lang lan nesèsè, lekòl la dwe founi yo.

Daprè lwa Massachusetts, elèv yo idantifye kòm ELL yo jeneralman ba yo yon pwogram Imèsyon Pwoteje [sheltered English immersion (SEI)] e yo resevwa angle kòm enstriksyon dezyèm lang program (ESL). Kondisyon sa aplike pou tout lekòl piblik yo enkli lekòl charter yo, kèlkeswa kantite ELL ki enskri nan lekòl la. Pwogram ELL la dwe gen de konpozan:

- **Imèsyon Pwoteje Angle.** Imèsyon Pwoteje Angle gen ladan anseye nan yon fason ki pral rann kontni leson yo pi konpreyansib, epi itilize metòd ansèyman ki pral ede elèv la aprann lang angle a. Pwofesè ki resevwa fòmasyon espesyal yo ta dwe anseye klas imèsyon pwoteje Angle yo, e yo dwe gen menm pwogram avèk lòt elèv yo.
- **Enstriksyon Angle kòm dezyèm lang (ESL).** Enstriksyon ESL bay enstriksyon spesifik, dirèk nan lang angle ki delivre pa yon pwofesè lisansye ESL. ESL destine pou anseye elèv yo lang angle, gramè, ak itilizasyon vokabilè, e li enkli enstriksyon nan pale, tandè, li, ak ekri nan yon nivo ke elèv la ka konprann. Elèv diferan laj

ak gwoup lang ka enkli nan menm salklas ESL la. Kantite èdtan enstriksyon ESL ke yap bay elèv ou a pral depannde nan fason elèv ou a pale, tandè (konprann angle pale), li ak ekri Angle. Pou plis enfòmasyon tanpri gade “**Gid Tranzisyon sou Idantifikasyon, Evalyasyon, Plasman, ak Re-klasifikasyon sou moun kap aprann lang angle**” ke wap jwenn la: <http://www.doe.mass.edu/ell/resources.html>

◆ **Ki lòt pwogram ak sèvis elèv mwen an ka resevwa si li enskri nan yon lekòl charter?**

Tankou nan chak lekòl piblik nan Massachusetts, yo dwe bay elèv ELL yo aksè konplè ak egal nan pwogram ak sèvis lekòl la. Yo dwe bay avi ak enfòmasyon a elèv ELL yo ansanm avèk paran yo nan yon lang ke yo ka konprann

- ELL yo dwe resevwa sipò tankou gid ak konsèy, nan yon lang ke yo konprann.
- Yo pa ta dwe separe ELL yo de elèv ki pa ELL eksepte lè sa nesèsè nan fason pou bay pwogram ansèyman angle yo.
- Yo dwe otorize ELL yo pou patisipe plènmman nan tout kou akademik yo.
- Yo dwe anseye ELL yo menm standa ak pwogram akademik tankou lòt elèv yo.
- ELL yo dwe gen aksè egal a tout pwogram ak sèvis nan lekòl la enkli Tit I, Sèksyon 504 akomodasyon andikap, ak edikasyon spesyal, ak tout klip, òganizasyon elèv aktivite ak ekip spòtif.

**Lwa ak Règleman Enpòtan:**

Stati Lekòl Charter: G.L. c. 71 §89

Règleman Lekòl Charter: 603 C.M.R. §1.00

Lwa Massachusetts -- Angle Lang Edikasyon nan Lekòl Piblik yo: G.L. c.71A

Règleman Edikasyon Massachusetts pou moun kap aprann lang Anglè : 603 CMR 14.00

Lwa Federal sou Dwa Sivil: Tit VI nan Lwa sou Dwa Sivil 1964

Lwa Federal sou Dwa Sivil: Lwa 1974 sou Egalite Opòtinite Edikasyon

Lwa Federal: ESEA/ NCLB: Lwa 2001 *Okenn Timoun pa dwe rete Dèyè* Gouvènè edikasyon primè ak segondè. NCLB disponib kòm lwa piblik 107-110 Tit III — Enstriksyon lang pou moun ki limite nan Lang Anglè ak Elèv Imigran yo:

PATI A: 'Akizisyon Lang Anglè, Amelyorasyon Lang, ak Lwa sou Akonplisman Akademik'

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte Biwo Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Lekòl Charter Massachusetts ak Restriktirasyon Lekòl (telefòn: 781-338-3227; imèl: [charterschools@doe.mass.edu](mailto:charterschools@doe.mass.edu)) oswa Biwo Planifikasyon Edikasyon Spesyal ak Devlopman sou Règleman yo (telefòn: 781-338-3584; imèl: [ell@doe.mass.edu](mailto:ell@doe.mass.edu)).

Pou enfòmasyon adisyonèl konsènan edikasyon ELL ak dwa paran ak elèv yo, tanpri refere a sa ki annaprè yo:

- Biwo pou Ranfòsman Dwa Sivil: telefòn: 800-421-3481; imèl: [ocr@ed.gov](mailto:ocr@ed.gov); sitwèb: [www.ed.gov/about/offices/list/ocr/](http://www.ed.gov/about/offices/list/ocr/)
- Règlemantasyon Eta: 603 CMR 14.00: Règleman sou Edikasyon moun kap aprann Angle -- 14.06: Ranfòsman Dwa Paran <http://www.doe.mass.edu/lawsregs/603cmr14.html?section=06>
- Kondisyon pou Patipasyon moun kap aprann anglè nan ACCESS pou ELL ak MCAS: Yon Gid pou Edikatè ak Paran/Gadyen <http://www.doe.mass.edu/mcas/participation/ell.pdf#search=%22ELL%22>